

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **1.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil analisis panalungtikan nu dipedar dina Bab IV, sacara umum sikep anggota Paguyuban Wanoja Jajaka Budaya Jawa Barat miboga sikep nu positif kana basa Sunda. Aya opat hal nu bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Sikep kasatiaan basa anggota Paguyuban WAJADA némbongkeun sikep nu positif kana basa Sunda, sanajan dina prakna masih perlu pikeun ngaronjatkeun deui inténsitas dilarapkeunna basa Sunda ku anggota Paguyuban WAJADA. Ieu hal bisa katitén dina paripolah ngagunakeun basa Sunda nu can konsistén dina kahirupan sapopoéna, masih kénéh aya hal nu condong nétral jeung sacara prakna masih kénéh ngagunakeun basa Sunda nu dicampur jeung basa Indonésia dina situasi nu tangtu. Ku kituna, sikep kasatiaan anggota Paguyuban Wanoja Jajaka Budaya Jawa Barat kana basa Sunda sacara umum miboga sikep nu positif, tapi perlu dironjatkeun deui.
- b. Sikep kareueus kana basa Sunda anggota Paguyuban WAJADA nuduhkeun miboga sikep nu sarua positif, sanajan upama dititénan mah éta sikep téh masih can optimal. Anggota Paguyuban WAJADA miboga rasa reueus nalika papada anggotana ngagunakeun basa Sunda. Tapi, éta sikep kareueus kana basa Sunda téh can pati ditémbongkeun dina sawatara paripolah pikeun ngagunakeun basa Sunda salaku ciri idéntitas dina gunem catur jeung batur. Ku kituna, sacara umum, sikep kareueus kana basa Sunda anggota Paguyuban WAJADA katitén némbongkeun sikep nu positif, tapi, masih perlu kénéh pikeun ngaronjatkeun pikeun ngagunakeun basa Sunda dina unggal situasi, sangkan sikep kareueus kana basa Sunda téh terus tumuwuh dina diri jeung tuluy ngamumulé basana, sarta ngaronjatkeun éksisténsi digunakeunna basa Sunda sacara nyata dina kahirupan sapopoéna.
- c. Kasadaran kana ayana norma basa Sunda di Paguyuban WAJADA masih perlu dioptimalkeun deui, sanajan hasilna némbongkeun sikep nu cukup positif. Dina

ranah aféktif jeung konatif, mayoritas anggota Paguyuban WAJADA némbongkeun sikep nu positif. Tapi, patali ranah kognitif, pangaweruh ngeunaan undak-usuk basa Sundana perlu dironjatkeun deui, sabab, dina ieu hal mayoritas sikep anggota Paguyuban WAJADA condong kana sikep nu négatif, masih réa anggota Paguyuban WAJADA can maham kana undak-usuk basa nu aya di basa Sunda. Kasadaran kana ayana norma basa Sunda na mah geus katitén positif, tapi dina prakna ngalarapkeun éta undak-usuk basana kudu perlu dititénan deui. Ku kituna, sacara umum sikep anggota Paguyuban WAJADA patali jeung kasadaran kana ayana norma basa Sunda katitén miboga sikep nu positif tapi masih perlu pikeun dioptimalkeun deui, utamana jeung pangaweruh undak-usuk basa Sunda.

- d. Aya dua faktor nu mangaruhan sikep basa Sunda anggota Paguyuban WAJADA nyaéta (1) faktor kulawarga jeung (2) faktor lingkungan sosial anggotana. Faktor dina ranah kulawarga mangrupa faktor nu gedé pangaruhna pikeun anggota Paguyuban WAJADA ngalarapkeun basa Sunda dina kahirupan sapopoéna nepi ka kabawa kana lingkungan sosialna. Dina ranah lingkungan sosial, komunitas atawa paguyuban WAJADA sorangan jadi salahsahiji faktor pangaruh pikeun anggotana sangkan bisa ngabiasakeun jeung ngagunakeun komunikasi maké basa Sunda nalika aya di lingkungan WAJADA. Tapi, ti lingkungan sosial séjénna di saluareun komunitas jeung dina sawatara situasi, meredih kudu ngagunakeun basa Indonésia pikeun komunikasi, antukna ngabalukarkeun sikep anggota Paguyuban WAJADA condong kana sikepna négatif kana basa Sunda.

## 1.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung kacindekan di luhur, aya sawatara rékoméndasi nu baris ditepikeun ku panalungtik, diantarana.

- a. Dina panalungtikan satuluyna, panalungtik kudu leuwih maham jeung neuleuman deui ngeunaan obyék nu rék ditalungtikna. Salian ti nyebarkeun angkét jeung wawancara, panalungtik hadéna bisa ogé ngalaksanakeun observasi sangkan data panalungtikan teu saukur kapanggih tina jawaban

réspondén tapi ogé kapanggih tina pangalaman jeung niténan kaayaan nu nyata di lapangan.

- b. Dina nyieun jeung nyebarkeun angkét panalungtikan, alusna partisipan bisa mérékeun informasi sacara anonim sangkan jawaban nu dibérékeun téh bisa leuwih jujur sabab idéntitasna teu dipikanyaho. Ieu hal ogé bisa salahsahiji cara pikeun ngajaga rusiah jeung nyingkahan jawaban nu dijieun-jieun sangkan katempo hadé, sarta bisa ngaronjatkeun jumlah partisipanna.
- c. Perlu ayana program pikeun nguatkeun jeung mertahankeun basa Sunda, salahsahijina di lembaga atikan, sabab patali jeung kasadaran kana ayana tatakrama atawa undak-usuk basa Sunda, hadéna éta hal téh bisa diajarkeun ogé di sakola sangkan generasi ngora téh bisa leuwih wanoh jeung maham tatakrama basa Sunda jeung bisa ngalarapkeuna, sarta teu boga alesan deui yén tara ngagunakeun basa Sunda sabab sieun salah ngagunakeun undak-usuk basana.
- d. Anggota Paguyuban Wanoja Jajaka Budaya Jawa Barat bisa leuwih ngaronjatkeun deui peranna salaku nonoman nu kagabung di komunitas budaya di Jawa Barat dina ngamumulé jeung ngamekarkeun budaya nu aya di Jawa Barat salahsahijina nu patali jeung basa daérah nyaéta basa Sunda. Anggota Paguyuban WAJADA ogé hadéna bisa leuwih neuleuman paélmuan kabasaan basa Sunda jeung leuwih ngabiasakeun gunem catur maké basa Sunda di unggal situasi sangkan bisa leuwih ngaronjatkeun inténsitas digunakeunna basa Sunda jeung éksisténsi pikeun némbongkeun idéntitas urang Sunda.
- e. Anggota Paguyuban WAJADA bisa némbongkeun sikep nu positif kana basa Sunda, ku kituna, lembaga-lembaga séjén nu tangtuna gerak dina widang kabudayaan nu patali jeung budaya Sunda atawa komunitas budaya nu aya di Jawa Barat, bisa sarua némbongkeun sikep nu positif kana basa Sunda salaku basa Indung jeung jadi lambang idéntitas urang Sunda.
- f. Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh jeung référénsi pikeun panalungtikan séjénna dina widang sikep basa.